# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–24 जून 2026** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आज बेंगलुरू में आयोजित उत्तर प्रदेश ग्लोबल ग्रोथ डॉयलॉग–2026 में अग्रणी वैस्विक कम्पनियन आ निवेसकन के साथे बातचीत कइलें। येह दौरान उहां के उत्तर प्रदेस क निवेस अनुकूल नीति, मजबूत कानून व्यवस्था, विस्वस्तरीय आधारभूत संरचना अउर विकास क सम्भावना के बारे में जिकिरि कइलीं। मुख्यमंत्री कहलें कि नवाचार, प्रौद्योगिकी आ सुसासन आधारित विकास मॉडल के साथे नया उत्तर प्रदेस आजु वैस्विक निवेसकन बदे भरोसा आ विकास क पसंदीदा जगहि बनि के उभरल हवे।

**********

लखनऊ में कोचिंग सेंटर में अगिलग्गी क घटना के देखत प्रदेस सरकार राज्य क कोचिंक संस्थानन के नियम के मजबूत कइले आ अवैध कोचिंग सेंटर के खिलाफ अभियान क सुरूआति कइले हवे। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहले हवें कि पूरा राज्य में आगि से बचाव के उपाइनि क जांचि 'मिशन मोड' में कइल जाई। श्री योगी प्रदेस के सज्जो जिलन में अग्नि सुरक्षा ऑडिट करवले क निरदेस दिहले हवें। एक रिपोर्ट–

***कल देर शाम लखनऊ स्थित अपने सरकारी आवास पर विभिन्न विभागों के अधिकारियों के साथ बैठक कर मुख्यमंत्री ने स्पष्ट किया कि प्रदेश भर में अग्नि सुरक्षा को लेकर चलाया जाने वाला अभियान पूरी तरह जनहित में संचालित किया जाएगा। पहले जागरूकता अभियान चलाया जाएगा। इसके बाद नियमानुसार कार्यवाही की जाएगी। बैठक में मुख्यमंत्री ने कहा कि आवासीय भवनों में व्यावसायिक गतिविधियों का संचालन नही होना चाहिए। मुख्यमंत्री ने निर्देशित किया कि किसी भी परिस्थिति में बेसमेंट में कोचिंग अथवा अन्य व्यावसायिक गतिविधियों का संचालन न होने पाए। समाचार कक्ष से रितेश।***

**********

ईरान के तेहरान में भारतीय दूतावास सुरक्षा के स्थिति में सुधार के देखत भारतीय नागरिकन बदे संसोधित सलाहि जारी कइले हौ। एगो रिपोर्ट–

***भारतीय दूतावास ने कहा कि बदलते घटनाक्रमों के बावजूद, भारतीय नागरिकों को अगली सूचना तक सभी गैर–जरूरी यात्राओं से बचना चाहिए। बहुत आवश्यक होने पर ईरान यात्रा करने वालों को अत्यधिक सावधानी और सतर्कता बरतने तथा स्थिति पर लगातार नजर रखने की सलाह दी गई है। ताजा जानकारी और आगामी परामर्श के लिए दूतावास की आधिकारिक वेबसाइट और सोशल मीडिया प्लेटफॉर्म पर लगातार नजर रखने को कहा गया है। किसी भी प्रकार की सहायता के लिए, दूतावास ने आपातकालीन हेल्पलाइन नंबर जारी किए हैं ये नंबर हैं– .98 91 28 10 91 15, .98 91 28 10 91 09, .98 91 28 10 91 02 और .98 99 32 17 93 59 भारतीय नागरिक*** **cons.tehran@mea.gov.in** ***पर ईमेल के जरिए भी दूतावास से संपर्क कर सकते हैं। समाचार कक्ष से विशाल शर्मा।***

**********

यूपीटीईटी–दुइ हजार छब्बीस क परीक्षा अगिला महिन्ना दुइ से चारि जुलाई के बिच्चे होई। उत्तर प्रदेश शिक्षा सेवा चयन आयोग क अध्यक्ष डॉक्टर प्रशान्त कुमार बतवलें कि परीक्षा प्रदेस क साठि जिलन के नौ सौ पचपन केन्द्रन पर आयोजित कइल जाई। प्रवेस पत्र तीस जून से आयोग के वेबसाइट पर डाउनलोड कइल जा सके ला।

**********

केन्द्र सरकार कहले हवे कि एथेनॉल मिश्रित पेट्रोल वैज्ञानिक रूप से प्रमाणित बा आ एकर लगतारे निगरानी कइल जा रहल हौ। निगरानी में तेल कंपनियन, वाहन निर्माता, ईंधन परीक्षण एजेंसियन आ अउरियो पक्ष सामिल हौ। सरकार साफ कइले हौ कि सोसल मीडिया पर चलि रहल खबरि भ्रामक आ निराधार बा। ई–20 पेट्रोल क सुरूआति के बादे से एथेनाल मिलवले के नाते इंजन में खराबी चाहे गाड़ियन में तकनीकी खराबी क कउनों सिकाइति सामने नाही आइल बा।

**********

आजु पासपोर्ट सेवा दिवस हवे। ई दिन चउबीस जून ओन्नइस सौ सड़सठ के पासपोर्ट अधिनियम लागू भइले के उपलक्ष्य में मनावल जाला। येह मौका पर बिदेस मंत्री डॉक्टर एस जयशंकर कहले हवें कि पासपोर्ट सेवा कार्यक्रम के दुसरका फेरा क क्रियान्वयन, चिप–आधारित ई–पासपोर्ट क सुरूआति, नया पासपोर्ट सुरक्षा केन्द्रन आ पोस्ट ऑफिस पासपोर्ट सेवा केन्द्र क स्थापना आ रेकार्ड स्तर पर पासपोर्ट जारी कइले से जतरा सुगम हो रहलि हौ।

**********

हज–दुइ हजार सत्ताइस बदे ऑनलाइन आवेदन क प्रक्रिया सुरू हो गइल हौ। हज कमेटी ऑफ इण्डिया क वेबसाइट आ हज सुविधा मोबाइल ऐप पर बीस जुलाई ले पंजीकरण करावल जा सके ला। जुलाई के आखिरी हप्ता में डिजिटल रैंडम चयन प्रक्रिया के जरिया से चयनित यात्रियन क सूची जारी कइल जाई।

**********

मौसम विभाग आवे वाला तीनि दिन ले प्रदेस के पूरबी इलाकन में भीसण गरमी क दौर जारी रहले क अनुमान जतवले हौ। हलांकि आजु दुपहरिया बाद गोरखपुर में भइल बरखा से लोगिन के भीषण गरमी से राहति मिलल हौ। विभाग के मोताबिक अट्ठाइस जून से पूरबी उत्तर प्रदेस में बरखा क एगो नया दौर सुरू होई।

**********